Ассаламу гІалайкум!

# АХИХЪАН

№ 10 (7306)
8 Март 2018 сон
Хамиз
sadovoduns@yandex.ru
Багьа 7 гъурущ

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. УНСОКОЛО РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА «САДОВОД»

## 8 Мартгун, руччаби!




Хириял руччаби!

РакІ-ракІалъ баркула нужеда бищунго берцинаб, бищунго гвангъараб ихдалил праздник – 8 Март. Гьеб буго бакъул хинал чІоралгун, чІаголъулеб, цІилъулеб тІабигІатгун, щибаб соналъго бачІунеб байрамазул цояб. Гьелъулъ бессун буго чІужугІаданалъул сипаталда хурхараб кинабго гьайбатабщинаб. Гьеб къоялъ нилъеца кІодо гьабула нилъ гьарурал, кодоре рачун нилъ реэдарал, кинидахъ хІайранал кучІдул ахІарал, нилъер хІеренал, кидаго нилъ рекІел хинлъиялъги, тІалаб-агъазалъги сверун ккурал улбул, нилъер къадруял, къиматал, хІажаталъур нилъер хьолбохъ ратулел ясал ва яцал.

Хириял улбул, яцал ва ясал! Щибаб хъизаналъул рухІияб рацІалъиги хинлъиги цІунулел, хІалхьи лъаларел нужелъ бихьула лъикІабщинаб. Мекъи ккеларо чІужугІадан гьечІони ракьалда гІумру букІинарин абуниги. ЧІужугІадан гьечІеб рукъ – гьеб буго цІа свараб гъасито. ЧІужугІаданалъул кверазги гІакълуялъги, махщалицаги гІуцІула дунял, данде бачуна хъизан-рукъ, кІудияб ва жавабчилъи цІикІкІараб роль хІалтІизабула общественниябгун жамгІияб гІумро цебетІезабиялда. Доб Совет хІукуматалъул заманалда гІадин жакъаги дагьаб хІалтІи гуро руччабаз гьабулеб бугеб гІун бачІунеб гІелалъе тарбия-лъай кьеялъеги, халкъалъе медицинаялъулгун социалияб хъулухъ гьабиялдаги ва цогидал бутІабаздаги. ЧІужугІадан кидаго мустахІикъай йиго рецщалъеги адаб-хІурматалъеги.

Гьарула киналго руччабазе ракълилаб гІумро, талихІгун рохел, щулияб сахлъи. Биччанте киналго хъизанал рахІаталда ва гьарзалъиялда рукІине. Иманги, талихІги, икъбалги, нужее, нижер хириял руччаби!

**ГІ. НУРМУХІАМАДОВ.**
**«Унсоколо район» МОялъул бетІер.**

## Къварилъи лъагеги дуда!

Ихдаде тІегь гІадин тІегьалей дуе,
ТІогьол квацІи кьуни, мекъи ккеладай?
«Макьу дир бикъарай хІурулгІинилан»
ХІеренго шурани, квеш букІинадай?

Гьаб ихдалил байрам, кІодоги гьабун,
Керен цІураб рокьи, кьелищ, хирияй?
Руччабазул къоялъ сайигъаталъе
Сарин хъвалищ, дуе, дир магІарулай?

Дунял гІаламалъе гІумро бикьулей,
ГІумро дуе кьеги, рохел гьарзаяб.
Бакъалъ гІадин дунял къалъизабулей
Къварилъи лъагеги, дуда кидаго!



Росдал магІишат

## Ихдалил хІалтІабазде хІадурлъизин

Гьал къоязда «Унсоколо район» МОялъул нухмалъулев ГІ. НурмухІамадовасул нухмалъиялда гъоркь райадминистрациялда тІобитІана росдал магІишаталъул хІалтІухъабазул данделъи. Гьенир гІахьаллъана росдал магІишаталъул отделалъул нач. Ж. Якъубов, Энгельсил цІаралда бугеб СПКялъул нухмалъулев Н. Сайпулаев, Шамилил цІаралда бугеб МУПалдаса А. Нуцалханов, Горькиясул – А. МухІамадов, «ИштІибури» с/з МУПалъул – М. Халилов, «ГІашильтІа» с/х МУПалъул С. ГІалиев ва цогидалги.



Къойил темаялде босун букІана росдал магІишаталъул предприятиязул нухмалъулез жиндир гІужда статистикаялъул отделалде бухгалтерлъиялъул отчетал кьеялда хурхараб суал. Гьединго данделъиялда кІудияб кІвар кьуна гьел магІишатазда нахъа гІурал налогазул налъаби лъугІизариялде. Гьединго бицана ихдалил хІалтІабазде хІадурлъиялъулги. Лъазабуна отчетал кьей хехлъизабеян.

КІалъазе вахъарав Ж. Якъубовас гьадин бицана: «Ихдалиде хІадурлъи унеб буго, щивас жинди-жиндир бакІалда хІаракатаб хІадурлъи гьабулеб буго. ТІаса рищулел руго рекьизе санагІатал ракьал. Божилъи гьабизеги бокьун буго щивав нухмалъулес ихдалил хІалтІаби гІужда тІоритІиялде кІвар кьелин».

Данделъиялда жидецаго гьабураб хІалтІул бицун кІалъана магІишатазул нухмалъулел.

Ахиралда бетІерас жавабиязе заман цІана киналго ракьазда хурхун гьарулел хІалтІаби хехлъизариялъе.

## Халкъазда гьоркьосеб Институталъул вакилзаби - районалда



5 марталда райадминистрациялъул конференц-залалда букІана Халкъазда гьоркьосеб ЦеретІеялъул Институталъул («МИДЛ-ИСТ») вакилзабазулгун районалъул англиялъул мацІ малъулел учительзабазул дандчІваялъул брифинг. Вакилзабазда гьоркьор рукІана Институталъул президент Индиан Хашим ХІусейн, Институталъул проректорасул ишал тІуралев Р. Биакаев, Институталъул декан Авад Хамадан МухІамад.

ДандчІваялда гьединго гІахьаллъана районалъул лъай кьеялъул отделалъул нач. Л. МухІамадгІалиев, гьесул зам. ва школазул директорал. Брифинг гІуцІиялъе гІиллалъун ккана дагьал церегІан къоязда ГІ. НурмухІамадовгун Институталъул президент дандчІвай.

(Ахир 3 гъумералда)

## ЧІужугІадан, дуе, къулула бетІер

ЧІужугІадан, дица дур адабалъе
Намусалъул хасаб, си балеб буго.
Гьелъул тІадегІанаб, гІаламат ккола
ГІумроялъ кидаго, дур тІечІеб адаб.
Дир хІеренаб кочІол, кинабго тІокІлъи,
ТІогьоде най гІадин, дуде бржуна.

Гьал дир пикрабазул, чвахулеб гІорул,
Чили буго даим, дур пикрабазда.
ЦІвабзахъе щибизе, ракетал унел,
Рокьулехъе роржа, гьел гурищ цІваби?
ЧІужугІадан дица, дур адабалъе,
Аза-азар нухалъ, къулула бетІер.

**Ахихъан**

*Районалъул газета*

*№ 10 (7306)*

*8 Март 2018 сон*



Хириял руччаби – ракl-ракlалъ жакъа
Баркула праздник, 8 Март,
ТIурайги киналго нужер анищал
Жанисеб рухIалъе даимлъаги их.
Кидаго рокьуца цIун таги ракIал
Къварилъи бихьизе хъван батугеги
Хъизаналда талихI, хIалтIуда рохел
Даимлъаги нужер гIумродул саналъ.
Кидаго сукIичIеб накуги сукIун
Дица байрам буго, дуда баркулеб
Мун росасул чIухIи васул рохел
Инсулгун вацасул къадруялъул сси.



Нилъер руччаби

# «Маххулай леди»

КIудияб ВатIанияб рагъдаса хадусел сонал рукIана дол. ВатIан цIунизе арал росдал бихьинал цо-цо гIажизлъигун ва сакъатлъигун рокъоре тIад руссунел рукIана. Цо-цоязул абуни эбел-инсухъегун рукъалъул агьлуялъухье щолел рукIана чIегIер барал къагъзал. ТIад руссаразул рохелги, чIваразухъ магIу бахъиги цадахъ букIана росулъ…

Гьел саназда гьанжего гьанже Унсоколо росулъ букIараб анкьго сонил школаги лъугIизабун, ХинлъимитIа кулиялда байбихьул классазул учительницалъун хIалтIизе ана Разият. Хадусел саназдайин абуни хIалтIана росдал школалда, библиотекаялда.

ЧIара-хьараб хасияталъул, щибниги гIунгутIи кIвар кьечIого толарей Разиятил бажариги ишалъулъ бугеб ракIбацIалъиги бихьичIого хутIичIо райкомалъул нухмалъулезда. Гьедин заман иналде гIолилай тIамуна районалъул сберкассаялъул заведующаялъун. Гьеб хIалтIуда араб чанго сонида жаниб ва райОНОялъул инструкторлъун хIалтIулаго росуцоязе загьирлъана Разиятил нухмалъиялъулаб ишалъе бугеб бажари ва къохIехьей. I955 соналъул 20 августалдайин абуни районалъул партиялъул райкомалъул тIоцевесев секретарь МухIамад Гьиматовас жиндихъего ахIана Разият ва хIалтIул бугеб хIалги цIехон, «Мун Унсоколо росдал Советалъул председательлъун тIамизе пикро буго нижер»,-ян бицана. Разият циндаго йиххана. «Бажариладай гьадинаб кIудияб росдае нухмалъи гьабизе»,-ян хъудулел рукIана ботIролъ пикраби.

-ХIинкъуге, Разият, дур нухмалъиялъул ишалъе махщел буго, хIажаталъуб кумек нижецаги гьабила,-ян тIадчIун абуна райокомалъул секретарас.

Цо кинабалиго хIинкъигун ва цебе бугеб кIудияб хIалтIуде районалъул нухмалъулес бижизабураб гьирагун, тIад юссана гьей рокъое. Партиялъул тIадкъай тIубазабичIого рес гьечIеб доб заманалда ясалъ тIаде босулеб бугеб захIматаб хIалтIи рекIее гIолеб букIинчIо эбел-инсуе. Амма таваккалай ва щиб иш тIаде кканиги нухда бачине бажарулей гьей лъиданиги чIезайизе кIвечIо.

Байбихьана захIматаб ва жавабчилъиялъулаб хIалтIи. Доб заманалда росдал Советалъул букIинчIо жиндирго хасаб мина, гьеб букIана чIорого ругел гIадамазул минабахъ. Цебе чIун букIана росдал Советалъе мина баялъул суал. Гьеб суалгун Разият ана доб заманалда исполкомалъул председательлъун вукIарав ХIусен ГIалиевасухъе ва бицана Советалъе мина базе ва росдал кIиялго хабалаби къед бан, сверун къазе ругел планазул.

-БитIараб суал цебе лъолеб буго Разият, дуца,-ян абуна гьес гIедегIичIого. Гьадинаб кIудияб росулъ росдал Советалъул мина гьечIолъи битIараб гьечIо. Кумеки гьабила, хIажатабги балагьила.

Гьедин Разият гьорлъе лъугьана Советалъе мина базе. Гьел хIалтIабазе кумекалъе гьелъухъе кьуна кIудияб автомашинаги. Ралел бакIазе материал



балагьулаан жинцаго, хIалтIаби гьаризе тIамуна гIадамал…

Амма хIалтIуде регIун гIемераб мехалъ хутIичIо гьей. I960 соналда Унсоколо ва Хьаргаби районал цолъизаруна ва центрлъун гьабуна Хьаргаби росу. Дагьаб букIана нилъер росабазде кьолеб кIвар. МичIчIги зазги бижун букIана гьезул къватIазда, гIиси-бикъинал къваригIелазе гIологи гIадамал ине кколаан Хьаргабире. Районалъул гIадамазе ругел захIмалъабазул бицун, КПССалъул обкомалъул тIоцевесев секретарь ГI. Даняловасухъе ана Разият. Амма кинаб букIаниги хIасил ккечIо. Суал тIубазабизе кколаан Москвалдеги ун. Гьединал сапаразе букIинчIо гIарацги. Ансадерил колхозалъул председательлъун доб заманалда вукIарав ВухIамагIали ГIусмановас Разиятихъе кьуна анкьго ящик генул. Гьеб бичизе МахIачхъалаялдеги ун, генухъ щвараб анкьнусго гъурущги нухлуе харжалъе босун, МахIачил ХIусенги, Разиятги рахъуна район букIараб бакIалде Унсоколобе рехиялъул суалгун, Москвалде сапаралъ. Микьго сордо-къо бана гьез гьениб. Сардал рогьунаан вокзалалда, скамейкабазда гIодор чIун, къад абуни чIолаан хIажатал органазул кIалтIа. Гьезул гьитIинабго делегация къабул гьабуна КПССалъул ЦКялъул органтелде ва лъабго моцI иналде район цIидасан Унсоколобе рехана.

ЦIидасан байбихьана ракълилаб гIумро. Бана росдал Советалъе мина, къоноги бахъун, къедги бан, сверун къана росдал хабалаби, рукIалиде ккезабуна Советалъул жанисеб хIалтIи.

Щвалде щун хIалтIизарулаан Разиятица херазул, руччабазул Советал, кидагосел комиссиял. Иш тIаде кколел депутатал тIамулаан боцIуда вехь тей, мегъал цIуни гIадал хIалтIабазда хадуб хал кквезе, заседаниязда гIенеккулаан гьезул хIисаб кьеязухъ. Кидагосеб хьаравуллъиялда гьоркь букIунаан хъизан-рукъалъулгун гьабулеб хIалтIи, росулъ рацIа-ракъалъи цIуни ва гIала-гъважа балел бакIал. Росдал гьединал бакIазде жийго щолаан Разият. Кколелъубе базабун, цIа лъун, тIад хьаравуллъи чIезабулаан чороклъи балел бакIазда. Гьанже росулъ гIала-гъважа балел бакIазул бугеб хIалалъухъ балагьун, херал руччабаз абулеб рагIула: «Разият анищ цо цIияб жангун росдал суалал тIуразаризе»,-абун.

Кварталалда жаниб цо нухалъ ахIичIого толароан гьелъ росдал жамагIаталъул данделъи. Гьенир гIадамаз цере лъурал масъалаби хIисабалдеги росун хIалтIигIан пайдаяб ва хIалтIи лъугьунеб къагIида батичIо дида,-ян абулаан гьелъ хадубккунги.

Ясал цIализе ритIуларел ва басриял гIадатал гIатIидго тIиритIарал 60 абилел сонazда гьей йикIана унго-унголъунги гIолилал ясазул гьудуллъун, мугъчIвалеб къуватлъун.Чанго гIолилай гьелъул кумекалдалъун жидерго мурадазде щварал, институтазде, техникумазде цIализе арал. Жидерго гIумро талихIаблъун гьабуна гьез Разиятил кумекалдалъун. ЦIализаруна гьелъ жиндирго лъималги.

Республикаялъул Министерствабазул Советалда цIикIкIараб къадру-къимат гьабулаан Разиятил. Росабазул Советазда гьоркьор гIуцIараб социалистиял къецазулъги 400 ялдаса цIикIкIун цIараки бугеб Унсоколо росдал Совет кIиабилеб, лъабабилеб бакIалда букIунаан. ТIадегIанаб хIалтIухъ гьеб заманалда щварал гIемерал шапакъатал, тIад цIар хъвараб сагIат ва цогидалги сайгъатал хIурматалда цIунун руго гьабсагIаталдаги гьелъул.

ЦIакъго тIадегIанал шапакъатазда ятичIониги бахIарчияб ва чилъиялъулаб нух нахъа тана Унсоколо росулъа Разият ГIабдулаевалъ. Гьей таваккалай магIарулалъул къадруяб захIматалъул нух даимго хутIила гIун бачIунеб гIелалъе мисаллъун. Щайгурелъул Унсоколо росдал Советалда хIалтIарал I0 председателасда гьоркьоб бищунго бихьулеблъун букIана Р. ГIабдулаевалъул нухмалъи.

Заманаялъ хисизабулареб жо щибниги гьечIо. ГIезегIан санал руго гьей нилъедаса ятIалъаралдаса. Амма росулъ кинаб санагIат бахъараб иш кканиги щивас абула: «Пайда щиб Разият гьечIелъул, лъиданини сундулниги ургъел чIвазе долъ толароан»,-абун. Гьелде божилъи букIунаан гIадамазул ва санал индал Разият ГIабдулаевалъул рахъалъ лъалез абизе байбихьана унго-унгояй «Маххулай леди» йикIанин. Киназдаго гуро гьедин мустахIикъаб цIар нахъе тезе бажарулеб.

**С. КЪЕБЕДМУХIАМАДОВА.**

**Сураталда: Разият ГIабдулаева.**

**Учителасул хIакъалъулъ рагIи**

# Расулил Асият такрар гьаюрай

**АцIабилеб класс, ахирияб дарс**
**Ахирияб суал, ахираб жаваб,**
**Жиб-жиб рокъой щолеб, щобил багIар бакъ**
**Школа лъугIана, магIарул ясалъ.**

*Р. ХIамзатовасул «МагIарулай» поэмаялдаса*

ТIадехун рехсараб Р. ХIамзатовасул «МагIарулай» поэмаялда аслияй героинялъун кколей Асиятилги Унсоколо росулъ гьаюрай, къисмат мадугьалихь бугеб ГIашильтIа росулъ батарай Разиятилги гIумроялъул нух цогояб букIанин абуниги мекъи букIинаро.

Басриял гIадатаз маххуца гIадин сверун къараб Унсоколо росулъаги 60 абилел соназда ясал цIализе унароан. Эбел-инсуца школа лъугIарабго тIалаб гьабулаан жидедаго лъикIабилан ккараб ригьиналдаги юхьинаюн, ясалъул къисматалъе хIукмо къотIи. Гьедин цIализе инин гIолилай, дун росдае инжит гьаюгейин кинго разилъи кьоларого эбел йиге рокъоса тахшагьаралде лъутула Разият ва I964 соналда чвахулаго мугIугун ячIуна Дагъистаналъул педагогическияб инститалде цIализе.

Доб заманалда республикаялъул «МагIарулай» журналалъ кIудияб макъала бахъун букIана Расулил Асиятил нух такрар гьабурай Разиятил хIакъалъулъ ва эбел ГIайшатиде гьез гьари балеб букIана аскIобго институталъул клубалда бугеб концерталдеги инчIого, жидерго намус цIунун рокъор цIалулел ратарал гьелъул ва цогидал магIарул ясазул ракIазда барахще,-ян.

Яс цIунун йикIарай эбелалда гьеб кинго бичIчIичIо. Эбелгун къаллъун ана цIалул санал. Цогидал ясазда хадур эбел-эмен рачIиндал бальго магIуги бацIцIун тIамула Разиятица гьел ва I968 соналда къисматалъ гьелъие витIарав МухIамадхIажигун цадахъ хIалтIизе ячIуна ГIашилтIа росулъе. Авар мацIалъул учительницалъун хIалтIулаго Разиятица гIолеб гIелалда жиндирго мисалалдалъун бихьизабуна инсан кинав вукIине кколевали. Мальъана бокьараб ишалда, захIматал лъугьа-бахъиназдацин битIараб нух тIаса бищизе кколеб куц.

**(Ахир 4 гьумералда)**

## Рахьдал мацI

Дир умумуз бицараб, улбуцаги бицунеб
Урхъула дун авар мацI, малъе, эбел, рахьдал мацI.
ГъазимухIамад, ХIамзат, хIикматав имам Шамиль
Аваралъ кIалъалаан, малъе эбел, рахьдал мацI.
МахIмуд, ЦIадаса ХIамзат – цIар арал назмучагIи,
Нилъер мацIалъ цIализе малъе, эбел, рахьдал мацI.
Харбал, кучIдул, маргъаби, кицаби, бицанкIаби
Кинабго дида лъазе – малъе, эбел, рахьдал мацI.
ГIедал берталъе ине, ккедал ахIуд вахъине,
Росулъе щвезе ине, малъе, эбел, рахьдал мацI
Дида тарихги лъазе, Дагъистанги бокьизе,
Къолбол васал лъугьине, малъе, эбел, рахьдал мацI!

# Рахьдал мацIалъул байрам

*(1 марталдаго байбихьана Шамильхъалаялъул школалда праздникалъулал тадбиразде)*

**Жакъасеб сухIматалъул свери гIатIид гьабизе Гьоболлъухъе рачIарал, рорчIами магIарулал. МагIарул кочIол гъасда, кунчIараб хIенеxIалде Кверал хинлъизе щварал, салам дир магIарулал!**

Гьединал рагIабаздалъун рагьана тадбир бачуней ва гьеб хIадурарай ПатIимат НурмухIамадовалъ Шамильхъала школалда дагьал церегIан къоязда букIараб рахьдал мацIалъул къо кIодо гьабун тIобитIулеб тадбир. Ва хIасратаб магIарул бакъаналда гьоркь тIиритIун ана гIаданлъиги, гIамалги, гIадаталги берцинал аваразул рахьдал мацIалъул, урхьанщинасул къеч буссинабулеб къулгIадухъ лъим гьекъаралгIанги, гьайбатаб, къурдаби, балагъараз кIудияб асаралда гьоркь къабул гьабуна Шамильхъала школалъул цIалдохъабаз хIарал «ЧохтIо», «ТIагьир ва Зугьра», Генуб школалъул цIалдохъабаз хIараб «Жамалудин тIад вуссин», Унсоколо школалъул цIалдохъабаз хIараб «МахIмуд ва Муи»,-абурал сценкаби. КигIан лъикIал артистаздасаги лъикI рагьана гьез жидерго героязул хасиятал ва хIайранлъизаруна тарихалъул киналго рахъал лъазарун гIуцIарал сценкабаз. Гьоркьо -гьоркьор ахIана ва цIалана кучIдул. Тадбир берцин гьабун букIана районалъул культураялъул хIалтIухъаби ГI. ГIабдурахIмановас. ТI. Г1умаровас, П. МухIамаевалъ. Кинабго ишалъулъ



гIажаибаб асаралда гьоркье балагъарал кколел авар мацIалда ахIулел кучIдулги, бахIарчиял умумазул ирс щварал гIолилаз гьарулел, кибниги дунялалдаго релъен-хъвай гьечIел гIадал къурдаби. Рахьдал мацIалъул къо кIодо гьабизе рачIун ругоан Унсоколо ва Генуб гьоркьохъел школазул тIаса рищарал цIалдохъабиги мугIалимзабиги. Аслияб къагIидаялъ тадбир гIуцIиялъе кьучIое босун бугоан шагIир, классик ЦIадаса ХIамзатил творчество.

Сценаялда рукIана Шамильхъала школалъул «Гъойсу», ансадерил «Унцукуль» ансамблязул хIаракатчилъи бихьизабуна Шамильхъала школалъул педагогазги.

Тадбир букIуна рикIкIвалие гьабулебги, рекIелъ саназ асар хутIулебги. УмумазулгIумро цебечIезабураб, авар мацI даимлъизабизе ахIараб гьеб тадбир хIадурун бугоан унго-унголъунги балагъарал хIайранлъуледухъ, рахьдал мацIалда ракI унтун.

ЛъикIаб тадбир гIуцIаралъухъ ахиралда киназего баркала загьир гьабуна Шамильхъала школалъул директор Гъ-М. ГъазимухIамадовас.

# Халкъазда гьоркьосеб Институталъул вакилзаби - районалда

ДандчIваялъул аслияб тема букIана англиялъул мацI гъваридго малъиялъе 4 моцIалъ районалъул учительзаби цIализари, ай цоцазе кумек гьаби. Гьеб ишалъулъ хIаракатчилъи буго нилъер бетIерасул. ЦIализариялъул 90 % бецIизе буго райадминистрациялъ, хутIараб кьезе ккола жалго учительзабаз.

ДандчIваялда Индиан Хишам ХIусейница гьединаб къагIидаялда рази вукIин баян гьабуна, жидерго лъай борхизабиялъе гьира бугоан учительзабазулги.

Жиндирго иргаялда Л. МухIамадгIалиевас бихьизабуна лъай кьеялъул ишалде районалъул бетIерас цIикIкIараб кIвар кьолилан. «ГIолеб гIелалъе лъай кьеялъул ишалдехун районалъул бетIер кIвар кьун валагъула. Нилъецаги лъималазе лъай кьеялъул масъала тIаса квер босун тезе бегьуларо»,-ян бихьизабуна гьес.

ДандчIваялда учительзабазухъе кьуна хIалбихьиялъул тестал, гьедин хал гьабуна учительзабазул англиялъул мацI малъиялъе бугеб цебетIеялъул. Институталъул президентас бихьизабуна гьединаб тест хIажалъулин лъай щула гьабулездехун хIалтIизаризе кколел къагIидаби лъазе. Курсазул аслияб мурад бугелъулха учительзабазул лъай борхизаби.

# Объявление




Уважаемые жители Унцукулского района, теперь подать документы на регистрацию газобаллонного оборудования можно в многофункциональном центр по Унцукульскому району. Обратившись в наш центр «Мои документы» по Унцукульскому району пгт. Шамилькала автовладелец, может подать заявку на проведение предварительной технической экспертизы автомобиля и установки ГБО. Для получения данной услуги, Вам необходимо предоставить следующие документы:

1. Паспорт Транспортного Средства - ПТС
2. Свидетельство о регистрации транспортного средства - СТС
3. Паспорт собственника транспортного средства
4. Квитанцию о проведении оплаты (можно оплатить в терминале МФЦ)
5. Договор купли-продажи транспортного средства (при наличии)
6. Название редуктора газового оборудования, N баллона, вес баллона (при наличии)
7. Фотографии 4 штуки (спереди машины, сзади, баллон газовый, редуктор) (при наличии)
8. Если обратилось Юридическое лицо - Путевой лист, или доверенность.

Всю необходимую информацию вы можете получить, позвонив по номеру **call-центра: 8(938)777-83-01.**

# ИНФОРМАЦИЯ

Управление социальной защиты населения в МО «Унцукульский район» информирует граждан района о том, что с 1 января 2018 года вступил в силу Федеральный закон от 28 декабря 2017 года № 418 – ФЗ «О ежемесячных выплатах семьям, имеющим детей».

Ежемесячная выплата на первого ребенка осуществляется через управления социальной защиты населения, на второго – через отделения пенсионного фонда РФ за счет средств материнского капитала.

Право на получение ежемесячной выплаты в связи с рождением (усыновлением) первого ребенка возникает в случае если:

- ребенок рожден (усыновлен) начиная с 1 января 2018 года;
- является гражданином Российской Федерации;
- размер среднедушевого дохода семьи не превышает 1,5-кратную величину прожиточного минимума трудоспособного населения, установленного в субъекте РФ за второй квартал года, предшествующего году обращения за назначением указанной выплаты.

**Существенные моменты:**

1. Размер ежемесячной выплаты равен размеру прожиточного минимума для детей, установленного в субъекте РФ за второй квартал года, предшествующего году обращения за назначением указанной выплаты.
2. Ежемесячная выплата в связи с рождением (усыновлением) первого ребенка осуществляется со дня рождения ребенка, если обращение за ее назначением последовало не позднее 6 месяцев со дня рождения ребенка. В остальных случаях - со дня обращения за ее назначением
3. Ежемесячная выплата в связи с рождением (усыновлением) первого ребенка назначается сроком на один год. По истечении этого срока получатель подает новое заявление на назначение данной выплаты до достижения ребенком возраста полутора лет, а также представляет документы (копии документов, сведения), необходимые для ее назначения.

**За справками и дополнительной информацией можно обратиться по адресу: с.Унцукуль, пл. М. Дахадаева, 1 УСЗН в МО «Унцукульский район» или на номер моб. тел: 8988 779 64 86**

# Расулил Асият такрар гьаюрай



Разиятида гIадин киналго учительзабазда гуро бажарулеб ракI-ракIалъ чиясул рохелги къварилъиги бикьун ва щивав къваридго вугесе кверчIвай гьабун. Жиндаго бихьаралъ гьей ругьунлъана гIадан вичIчIизе, къварид вугесда нахъа ятизе. Гьединлъидалин жидерго ургъел гьелда бикьулеб гIолохъанал ясаз ва эбелалъ гIадин битIараб нухде рачуна Разиятица гьел.

Бицун бажарулареб къагIидаялъул интересал дарсал, классалъул сагIтал ургъула Разият Закаригаевналъ. ХIалтIизарула методикаялъул гIадатиял гурел къагIидаби, масала, (викторина-дарс, хIай-дарс, дарс-эксперимент) ва цогидалги. Гьелъ магIарул мацIалъул бицуна жиндирго лъимадул гIадин, хIеренго ва бигьаго лъималазулъеги лъугьинабула жиндилъго рахьдал мацIалдехун бугеб рокьи. Гьей гьираялда гIахьаллъула школалъул, муниципальниялгун республикаялъул къецазда. Гьенир ккола призалъулал бакIал.

Лъайги кьолел, лъималазда ракIги бугел учительзаби эбел-инсуда хехго ратIа рахъизе лъала. КIудияб къадру-къимат буго гьелъул лъималазда, эбел-инсуда, учительзабазул коллективалда гьоркьоб. Гьелъ гIемерал шапакъатазеги мустахIикълъана Разият. Амма сундасаго къиматаб буго гьелъулъ бугеб инсанлъиялъулал качестваби, гьел ккола щивав намус бацIцIадавщинав чиги жиндие гIоло къеркьолев, амма гIицIго гIаданлъи бугезе гурони щолареб борхалъи.

Рахьдал мацI лъикIаб буго Разият Закаригаевналда гIадин лъалеб бугони, гьедин хIасратго гIолилазухъе кьезе бажарулебги бугони. Разиятица абуни тIалаб гьабула гьеб кинаб бугониги лъукъи ккезабичIого, берцинго бицине ва гьелъул кьучIалда куцала цIалдохъабазулъ гIагараб ракьалдеги мацIалдеги рокьи.

Саназул борхалъуде рахиндал нахъа тараб нухалъухъ балагьула инсан. ХIусенова Разият Закаригаевналъул гьеб буго эбелаб ракьалъе, гьелъул рахьдал мацIалъе, гьеб цIуниялъе кьураб. Биччанте жеги загьирлъизе нилъее Разият гIадал ишалъе ракI кьурал педагогал.

**Саният КЪЕБЕДМУХIАМАДОВА.**

Пайдаяб малъи

## Гьуинлъиялъ херлъизарула

Нидерландиялъул гIалимзабаз чIезабуна хехго рукIкIалаби рехи чакаралда бараб букIин. Гьуинлъи цIикIкIани тIом хехго бечIала. ЦIакъго гьуинлъи цIикIкIани чакаралъ белокалъул коллагеналъул момнулал цо-цада рекIинарула. Гьеб абуни цIвакараб тIом букIиналъе кутакалда хIажалъула. Гьединлъидал гьуинлъабаз, конфетаз, рахьдал шоколадалъ, выпечкаялъ, макароназ жагъал гьабула гIолохъанлъи.

Гьеб цIуниялъе диетологаз малъулеб буго гIемер овощал, пихъал, ччугIа, пайдаял нахал кванaзе. Гьединаб диетаялъ гIолохъанлъизабула тIом. Сордокъоялъ кунеб чакар I0 % тIаде ине бегьуларо.

**ОБЪЯВЛЕНИЕ**

Утерянный диплом Дагестанского Государственного Педагогического Университета ДВС № 131962, регистрационный № 5179, выданный 25. 05 2001 г. на имя Магомедалиева Самраъ Магомедалиевны считать недействительным.

Нужее руччаби!

## *Бусен-къайи кинаб тIаса бищилеб?*

**Бусадул къайи кинаб тIаса бищилеб?**
***(ГIалимзабаз чIезабун буго нилъер лъикIаб сахлъиялъулги бусадулги цоцаде бугеб бухьен. Гьениб унелъулха нилъер гIумроялъул лъабил бутIа)***

**Квас-квасул ххам (хлопок)**

ЛъикIал рахъал: регьел жанибе цIала, кьерхалида бакъвадго букIуна, электрическиял цIаял кьоларо, кроваталдаса хъешкьоларо.

Квешал рахъал: I00 % квасул ххам черхалда букIкI-букIкIун чIола, аллергия кьолезе хIинкъи букIуна.

**Кин хъулухъ гьабилеб квасул ххамие?**

40 градусалдаса тIаде хинлъи инчIеб лъеца чурила кьер бугеб квасул хамил бусен, цо ккураб кьер бугеб ххамие бегьула 55 градусалъул лъеца чуризе. Дагьабго рагьазабун бахъула гьелда тIад иту.

**Лъолъол ххамие хIебет (льён)**

ЛъикIал рахъал: регьел жинлъего цIала. Хехго бакъвала, хIухьел босула, хасало хинлъизарула, риидал гьогьомизарула, холареб букIуна, электрическияб цIа бук1унаро, тIомалъе бигьа гьабун массаж гьабула.

ЛъикIал гьечIел рахъал: хехго чороклъула, иту бахъизе захIматаб букIуна.

**Гьелъие хъулухъ кин гьабулеб?**

Кьер бугеб льёналъул ххам чуризе ккола 40 градусалдаса тIаде хинлъи инчIеб лъеца, хъахIаб хIебеталъ 90 градус хинлъи хIехьола. Дагьабго рагьазабун яги пар биччан бахъула иту.

**Шелкалъул ххам**

ЛъикIал рахъал: риидал гьогьомизарула, черхалъе тIадагьаб буго, щулияб буго, бихьизе берцинаб буго.

ЛъикIал гьечIел рахъал: гIодоре риччазаруларо, гьелъул гIаксалда гъира-цIа бахинабула, электрическиял цIаял кьола, хьештIола, хасало черх квачазабула, гьединлъидал хасалиде хIалтIизабизе лъикIаблъун бихьизабуларо.

**Кин хъулухъ гьабилеб?**

Шёлк чуризе лъикIаб буго кверaлъ 30 градус бугеб лъеца, ялъуни деликатнияб режималдалъун. ХъахIлъизарулел черолел порошокал ран чуруге, гьелъ шёлк гуризабула, уксусалъул къатIраялъ абуни гьелъие лъикIаб хIал кьола. Щёлк цIакъго къанцIузе бегьуларо, бакъвазабизе лъикIаб гьечIо бакъалда яги багIарараб печалда аскIоб. Иту бахъула гIицIго «щёлк» режималда, лъим тIаде пунхъуларо, лангал хутIула.

**Синтетическияб ххам (флис, нейлон)**

ЛъикIал рахъал: жиндирго бачIинахъего букIараб хIал гIемераб заманаялъ цIунун хутIула.

ЛъикIал гьечIел рахъал: электрическиял цIаял лъугьуна, хIухьел цIазе биччаларо, хасаб къагIидаялъ чури букIине ккола

**Кин хъулухъ гьабилеб?**

Чуризе ккола 30-40 градус бугеб лъеца. Электрическияб синтетическиял цIаял рукIинчIого рукIине ххулулеб мехалъ кондиционер биччала. Иту бахъизе бегьула.

**Кинаб кьер лъикIаб бугеб?**

Психологаз чIезабун буго лъикIаб макьу букIине кьижулеб рокъоб нужеего бищунго рокьулел кьерал чIезаруни лъикIин, нуж бигьаго кьижун кколел гьечIони. Босе бусадул кьер, ай гIодобе биччараб хъахIаб, канчIаб



гIурччинаб яги зодил кьераб. Радал лъикIаб гъира-цIа базабула багIараб, гIубилаб ва тIогьилаб кьеразги. Гормония букIиналъе тIаса бище щакъидул кьераб, липовияб яги розовияб.

Росуге рек-рекарал мохъал яги геометрическиял фигураби ругел, гьелъ гIадалзул нах гIодобе биччан кьижизе биччаларо.

Дагьабго гьими

## КIиго дагIбадулай

ЦIураб автобус, рахъун чIун руго кIиго ригь арал руччаби, цо гурони чIобогояб бакI гьечIо.

-ГIодой чIа, кIудияй

-Баркала, мун дидаса кIудияй йиго…

-Дуницщ! Аллагьасукьа хIинкъа, хирияй. Дудаса лъабго соналъ гIолохъанай йиго дун, щуго соналъ ятизеги бегьула.

-ГIаксалда буго, хирияй, гIодое ялагье дурго хIатIазда гьоркь бугеб гъуниялъухъ. Мунин абуни Мерлин Монро хIалей йиго.

-Гьаб дир песок гуро, гьанив кIудияв чи гIодов чIун вукIана багьараб чакаралъул къвачIагун. Дур абуни гьеб бетIер одуванчик гIадин лъугьун буго. Уха, гIолохъанал саназ Брюнежит Бордойин кколарищ!

-Рас хъахIлъи херлъи кколаро, 30 сонидаги хъахIлъула бетIер. Дур абуни дир кIигогIан гIемерал руго гьурмада рукIкIалаби, махIабазул венабиги кьвагьун унел рихьула. Гьеб буго херлъиялъул ракI чIараб гIаламат. Гьединлъидал гьаб бакIги дур буго.

-Гьа, баркала, мунго гIодой чIа, соролел, хьвагIелел кверaлги рихьулин, хварал нервабиги мунги…

-Мун цIакъго гьайбатай йиго, кингIаги гьедин къачIарай Пизан бащня гIадин, гьабсагIат рехун ина…

Гьедин кIиялго дагIбадилел рукIадго гIундузда наушникалги рарав I4 сон барав вас вачIун гIодов чIола гьенив. Гьал абуни цоцахъ ралагьун хутIула.

**ОБЪЯВЛЕНИЕ**

Уважаемые жители Унцукульского района! В фитнес-клуб для женщин, расположенный в районе здания администрации п.г. т. Шамилькала требуется женщина-тренер. По всем вопросам обращаться по тел.: **+7(8722)55-62-79 , +7(8722)55-64-86.**


**Газета основана 1937 г.**

**УЧРЕДИТЕЛЬ:**
**Администрация Унцукульского района**

**Главный редактор**

**КЕБЕДМАГОМЕДОВА САНИЯТ КЕБЕДМАГОМЕДОВНА**

**Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД**

**Регистр. Пи № ТУ 05-00284 от 20 марта 2014 г.**

**Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.**

**Адрес редакции:**
**51373**
**Унцукульский район**
**п. Шамилькала**
**ул. М. Дахадаева 3**
**Телефон редактора**
**89896522856**
**sadovoduns@yandex.ru**
**398940**

Адрес издателя и типографии
г. Махачкала
«Дом печати» ул. Акушинского 21

Подписано в печать - 3. 7. 18 г. 15. 30
фактически -17. 50 мин.
.......................................
Газета выходит 52 раз в год
на аварском и русском языках
Тираж - 1000 экз.